

DEMAND AZIL

Yo aplike tout lwa yo epi tout bagay yo fèt jan yo dwe fèt

Antre ilegal

GRC ap kenbe w

yap arete w e yap kenbe w otomatikman

!
Pèsonn moun pa ka sòti avan ke yo fin fè tout verifikasyon yo

- Verifikasyon sou sekirite
- verifikasyon sou kazyè jidisyè
- ekzamen medikal
- entèrogatwa

Verifikasyon antesedan

ENTÈDIKSYON

- Yo ka kenbe w nan prizon
- Ou dwe kite peyi Kanada oswa yap ranvwaye w

Se ajan imigrasyon ak sèvis fwontalye yo ki detèmine si demand azil la resevab.

Verifikasyon sou admisibilite

IRESEVAB:

- Moun sa a pa ka fè yon demand azil
- Moun sa a ta ka jwenn yon ekzamen risk
- Moun sa dwe kite Canada oswa yap ranvwaye l

Se desidè endepandan ki nan Komisyon sou imigrasyon ak estati refijye nan peyi Kanada ki trete demand azil e yo aji selon lalwa.

Trètman demand azil la

DEMAND NAN REJTE:

- Moun sa dwe kite peyi Kanada oswa yap ranvwaye l.

DEMAND NAN AKSEPTE:

- Moun sa resevwa estati moun ki jwenn pwoteksyon.
- Moun sa ka aplike pou l vin rezidan pèmanan nan Kanada.

